

Inisyativ ONA Ramirez June



Voyage

Vwayaj la kòmansè



Voyage se yon liv resous plizyè lang ki ede fanmi yo selebre kwasans timoun yo, aprann siy andikap yo ak jwenn èd bonè.

Enfòmasyon nan *Voyage* la gen ladan:

- Laj yo rekòmande pou depistaj otis, depistaj devlopman ak vizit woutin pou timoun, ansanm ak resous fanmi yo ka jwenn aksè nan Eta New York.
- Enfòmasyon sou devlopman timoun ak idantifikasyon andikap yo bonè pou timoun ki gen 2 mwa rive 5 ane.
- Tout kontni nan *Voyage* la se an Angle ak yon dezyèm lang, ki gen ladan, Panyòl, Chinwa, Ris, Bengali, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Dari, Pachtò, Ikrenyen, ak Arab.

Enskri pou w ka resevwa kopi gratis *Voyage* ak materyèl ki bay enfòmasyon sou idantifikasyon andikap yo bonè. Y ap voye tout materyèl yo ba w gratis pa lapòs.

Fòm pou w achte *Voyage*:

<https://bit.ly/OrderVoyage>



Rele liy dirèk Nouvo Ameriken Eta New York plizyè lang lan gratis lè w konekte ak patnè Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) lokal ou a: 1-800-566-7636

Liy dirèk la disponib lendi rive vandredi, 9 AM - 8 PM.



Depatman Deta
Biwo pou Nouvo Ameriken



Konsèy sou
Andikap
Devlopman